*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№6 (6577) * 2021 с. * 15 февраль * 3 раджаб * 1442 с. * итни *

## ХIАЛТIУЛАБ САПАРГУН





**6 февралалда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана республикаялъул агропромышленнияб комплекс цебетIеялъул централъул нухмалъулев М. Лосевасулгун дандчIвай. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, росабазул бутIруз, фермераз ва жалго бетIергьанал ракьал хIалтIизарулез.**

Данделъиялда М. Лосевас бицана республикаялда гIуцIараб агропромышленнияб централъул аслиял цере чIарал масъалабазул. Гьеб ккола росдал магIишаталъул продукция гIезабулезе юридикияб, малъа – хъваязулаб кумек, батIи – батIиял грантазда, конкурсазда гIахьаллъи гьабизе документал хIадур гьари. Аслияб кIвар буссинабун букIана жалго бетIергьанал гIи – боцIухъанлъиялъул ва ахихъанлъиялъул продукция гIезабулезе пачалихъалъулаб кумек – квербакъи гьабиялъул суалалде. Централъ гьединал гIадамазе киналгIаги суалазул рахъалъ кумек гьабизе буго. Данделъиялда гьединго борхана ахал лъалъазе лъин чIезабиялъул суалги. Аслияб къагIидаялда кIвар буссинабун букIана Хьаргаби росдал ахал лъалъаялъул рахъазе капиталияб ремонталъулал хIалтIаби гьаризе цебего заман щун букIиналъул. Ккана къотIи – къай киналго документал хIадурги гьарун, республикаялъул программаялде гьоркьобе гьеб суал босизе гьабиялде кIвар кьезе.

**Суратазда:** Данделъиялда.

## КЬУРАБ РАГIИ ТIУБАЗЕЛЪУН

**Жакъа къоялъ тIабигIат, сверухълъи чороклъиялъулги гьелъул гIадамазе кколеб бугеб зараламъулги ва жеги квешаб бакIалде гьеб бачIунеб букIиналъулги киса – кибего бицунеб буго, амма цо кIудияб хIасил кьолеб, гьеб квешаб хIал битIизабулеб ишалги гIемерал гьечIо бицунеб букIаниги. Нилъеда сверухъ тIабигIат чороклъиялъул хIасилалда, нилъее мукъсанлъи кколеб бищунго кIвар бугеб суал ккола, гьекъолеб лъим чороклъи. Гьеб дунялалдаго цебе чIараб масъала буго къо бахъанагIан.**



Гьекъезе бацIцIадаб лъим гьечIолъи кидаго букIана унтараб суаллъун Хьаргаби росулъ.

Гьелъул чороклъиялъ гьеб гьаличIого гьекъезе бегьуларин лъазабулеб буго кидаго гIадамазда. Дагьаб цебегIан ДагъистаналдагоI тIибитIана Хунзахъ районалдаги чорокаб лъим сабаблъун больницаялде ккарал хIужаби.

Районалда бацIцIадаб лъел ругел захIмалъабиги рихьун, Хъвартихьуниб, Курмиб, КIикIуниб ва Хьаргаби росабалъе лъин бачине районалда унеб буго I56 млн. гъур харж гьабизе бугеб программа.

Гьеб чанго соналъулаб масъала тIубазегIан чIечIого, районалъул бетIер М. ТIагьировас, рагIи кьун букIана, гьаризе ругел хIалтIабазул бицунаго, Хьаргаби росулъ бацIцIадаб лъим букIинелъун ГIаймакдерил къварилъуда 2 – 3 скважинаби рорлъизе.

Гьеб кьураб рагIи тIубазелъун 8 февралалда къваригIараб кинабго техникаги бачIун борлъизе байбихьана къварилъухъ жаниб скважина.

Хьаргаби росдал бетIер ХI. Арбулиевас бицаралда рекъон бацIцIадаб лъим бачине буго рес бугеб щинаб бакIалде авалазда краналги лъун. Аллагьас тавпикъ кьеги лъайги, махщелги, ресалги районалъул гIадамазе пайдаяб рахъалде хIалтIизаризе.

**Сураталда:** Къварилъухъ жаниб хIалтIулеб техника.



## СУББОТНИКАЛЪУЛ ХIАСИЛ

**Нилъер республикаялъул тахшагьар МахIачхъала шагьаралда мусор къватIибе баччиялда хурхун бугеб ахIвал – хIалалъул хIакъалъулъ централиял телевидениябазцин гIемер бицана ва бихьизабуна.**

Гьеб кинабго хIисабалдеги босун 6-7 февраль лъазабун букIана гIаммаб республикаялъулаб субботник тIоритIулел къояллъун. МахIачхъала шагьар мусоралдаса бацIад гьабизе рахъун рукIана мугIрузул районазул гIадамалги. ГIолохъанал – херал абичIого жигараб гIахьаллъи гьабуна гьениб нилъер районалъул гIадамазги. Гьабураб субботникалъ лъикIал хIасилал кьуна. ЦIикIкIараб бутIа шагьаралъул бацIцIад гьабуна.

Нилъер районалдаги тIобитIана гIорол рагIаллъаби рацIцIад гьариялъул субботник. Гьениб гIахьаллъи гьабуна учреждениязул, организциязул, общественниял гIуцIабазул вакилзабаз. Гьелъул хIасилалда БагIараб кьоялдаса бахъараб Курми росулъе щвезегIан, гIаммаб халалъи 20 км. манзилалда, бацIцIад гьабуна мусоралдаса гIорол рагIаллъаби.

Зама – заманалдасан гьединал тадбирал тIоритIизе ракIалда буго.

**Сураталда:** Субботникалда

# ХIурматиял районцоял!

**Нилъер районалда байбихьун буго короновирус унтиялде данде прививкаби гьариялда хурхараб хIалтIи. Гьари буго киназдего, рачIа прививкаби гьаризе, прививкаби гьарула поликлиникаялда, цин ине ккола нужерго участокалъул терапевтасухъе, ва гьес халги гьабун риччала прививка гьабизе прививочный кабинеталъуре ва гьениб гьабула прививка. Прививка гьабиялда цебе бидулъ антителаби (къаркъала коронавирусалдаса цIуни) ругищали хал гьабизе кколаро, щай гурелъул нилъер чорхолъ ругел антителаби лъугIун яльуни цIакъ дагьаб къадаралде ккун руго.**

Нилъее биччан буго вакцина «Гам – КОВИД – Вак» (спутник V), гьеб вакцина буго дунииалалдаго тIад бищун беццараб, ВОЗалъ (всемирная организация здравоохранения) къабулги гьабураб. Жакъа къоялде щвезегIан гьарурал хIалбихьияздаса хадуб гIалимзабаз абулеб буго прививка гьабизе бегьулин I8 сон баралдаса киназдаго, хронический унти бугелаздаги, коронавирусалъ унтун рукIараздаги, унтичIездаги, 60- йидаса сонал рахараздаги ва гь. ц.

Привывка гьабизе бегьула жакъа хроническияб унти тIаде цIилъун ругелазда, вирусный (ОРВИ, ОРЗ) ва цойги унтабаца унтун ругелаздаги унти гIодоб къайдал 2-4 анкьидасан. Привывка гьабизе бегьуларо жудер захIматаб аллергическияб унти чорхолъ кида букIаниги тIатун букIараз (отек квинке, анафилактический шок), ва гьеб привывкаялда гьорлъ ругел жалазде аллергия бугел гIадамазда.

Привывка гьабурал гIадамал цIунула унтудаса, яги унтаниги гьезул унти хехго ва бигьаго тIаса уна. Хроническиял унтаби ругел гIадамаз захIматго переносить гьабула коронавирус унти. Жакъа нилъер районалда I8 соналдаса тIадехун гIумро бахарал гIадамаз 60% - алъ прививкаби гьарунани нилъеда бажарула халкъалъулго иммунитет (коллективный иммунитет) бачIине гьабизе, гьелъул магIна ккола нилъеда гьоркьоб коронавирусалъ вспышка гьабуларин абун.

Гьари буго киназдего гIинтIамуге интернеталъул харбазухъ, интернеталдасан рачIарал харбаз бачана балагь нилъер районалде, кигIан нужода тохтурзабаз, хIакимзабаз абуниги цIодорлъи гьабе, гьаб коронавирус захIматаб унти бугилан, гIадамал божичIо, вирусги гьечIилан чIана унтарав щинав рокъов, ахиралде унти захIмалъараб хвасар гьарун бажарулареб бакIалде ккараб мехалъ больницаялде рачIиндал бажаричIо тохтурзабазда кумек гьабизе. Анализал (мазок) кьогейила гьелъ хвезего гьарулилан чIана гIадамал, амма нилъеда бихьулеб бугоха щибго гьезул зарал гьечIеблъи, прививкабаз чипировать гьарулин абуна гIадамаз, амма нилъеда бихьулеб буго прививка гьабуразул щибниги сахлъиялъе хIинкъи гьечIолъи.

Божуге къватIул харбазда гьез нилъ лъикIалде рачунаро, рачIа прививкаби гьаризе, нужгоги нужерго хъизамалги унтиялдаса цIунараллъун рукIине.

**Р. ЗАГЬИРОВА,**
**врач – эпидемиолог**



**Россиялъул Федерациялъул «Полициялъул хIакъалъулъ» законалъул тIалабал тIуразариялъул, гражданазул, общественнияб гIуцIабазул, пачалихъалъул, муниципалиял гIуцIабазул полициялъул хIалтIул хIакъалъулъ битIарал баянал щвеялъул мурадалда жанисел ишазул отделалда тIоритIула участковыял уполномочиязул росабазда цебе хIисаб кьолеб, районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул районалъул депутатазул Собраниялда цебе хIисаб кьолеб къагIида.**

## Хьаргаби районалъул жанисел ишазул отделалъ 2020 соналда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев М. Зубаировасул

# ХIИСАБ

2020 соналда гьабураб оперативиябгун хъулухъалъулаб хIалтIул хIасилалда лъикIаланго хIалтIи гьабун буго общественнияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялда, гIадамазул ихтиярал ва законал цIуниялда, профилактика гьабиялда. Районалда бугеб оперативияб ахIвал - хIалалъул хIисаб гьабураб мехалда гьеб аслияб къагIидаялда буго бербалагьиялда гьоркь. 2020 соналда районалда ккун буго 52 такъсир. Законалда данде кколареб къагIидаялда ярагъ хIалтIизабиялда хурхун гьарурал такъсирал цебесеб соналде данде ккун дагьлъун буго I4 ялдаса 6 щвезегIан. Экономикаялда хурхарал такъсирал гьебго заманалда дагьлъун буго I5 ялдаса щугоялде щвезегIан. ЦIикIкIун руго такъсирал рукIа – рахъиналда хурхарал 3 хIужа, ярагъ хIалтIизабиялда хурхарал 5 хIужа, цIикIкIун буго цIогь 3 хIужа.

Районалъул территориялда терроризмалда ва экстремизмалда хурхун гьарурал такъсирал гьечIо. Экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIи гIуцIун букIана районалъул жанисел ишазул отделалъ 2020 соналда гьабизе хIисабалде босараб планалда рекъон. Экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIи гьоркьоб лъун хал гьабула координациялъул ва ведомствабазда гьоркьосел данделъабазда, кварталалда жаниб хал гьабула оперативиял данделъабазда. Гьединго тIоритIула цIалул заведениязда профилактикаялъулал хIалтIаби гьари. ЦIалул заведениязда гьарун руго хIинкъи гьечIолъиялъул паспортал ва контролиялгун халгьабиялъул делаби.

Сириялъул территориялда яргъид гIуцIарал бандформированиязда гьоркьоб гIахьаллъи гьабиялъе гIоло ралагьулел руго районалдаса лъабгоял.

Общественнияб бакIазда гIадамазул ихтиярал цIуниялъул хIалтIи аслияб къагIидаялда гьабулеб букIана районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабаз, дружиниказул хIалтIи районалда буго цIакъго гIодобегIанаб даражалда.

Районалъул жанисел ишазул хIалтIухъабаз тIобитIулеб профилактикаялъул хIалтIул хIасилалда нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул мурадалда дагь гьабуна нухазда кколел автоаваризул къадар. 2020 соналда территориялда ккана 4 автоавария, гьебго заманалда цебесеб соналда ккун букIана 27 автоавария.

Нухазда хьвадиялъул низам хвезабиялъул хIужа загьир гьабуна 2760, араб соналда 2680. Гьезул аслиял ккола: автотранспорт бачиналъул низам цIуничIолъи, гьекъон – мехтун рулалда нахъа чIей, нухазда ругел знаказул хIисаб гьабуларолъи.

Районалъул жанисел ишазул отделалъул профилактикаялъул хIисабазда руго I27 чи, гьездасан цере судалъул хIукмуялдалъун жанир тIамун рукIарал 2I чи, I9 алкоголик, I6 наркоман, II психическиял унтабаз унтарал, 4 сонazде рахинчIел ва гь. ц.

Аслияб къагIидаялда тIоритIулел такъсирал цIохIо районалда гуреб республикаялдаги ккола цIогь. Араб соналда районалда ккана 4 цIогь гьабиялъул хIужа, гьездасан тIатизаруна лъабго цIогь гьабурал, цо цIогь гьабурал ралагьулел руго.

Районалъул жанисел ишазул отделалъ гIуцIула ва тIоритIула оперативияб ахIвал – хIалалда хадуб бербалагьи гьабиялъул ва профилактикаялъулал «Профилактика», «Алкоголь», «Розыск», «Маршрутка», «Защита» ва цогидалги операцияби.

Кидаго хIалтIи гIуцIизе тIалаб гьабула районалъул гIадамазулгун цIадахъ рекъон хIалтIи гьабиялдалъун. Районалъул росабазул сходазда рорхарал кIвар цIикIкIарал суалал хIисабалде росула.

2020 соналда кIудияб хIалтIи гьабуна отделалда пачалихъалъулал бигьалъаби электроннияб къагIидаялда гIадамазе щвезе гьариялда. Гьедин бигьалъаби гьаруна паспортал кьезе, хисизе – 785 чиязе, районалъул отделалде электроннияб къагIидаялда гIарзабигун рачIана – I02 чи. Отделалъ гьабулеб буго бичIчIи кьеялъул хIалтIи электронниял сервиcраздасан гIадамал гуккулездаса цIунизелъун.

Араб соналда отделалъ хIалтIи гьабизе ккана киназго гIадин коронавирусалъул инфекциялда данде рагъ гьабулаго. ХIалтIухъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна рехсолеб унтуда данде профилактика гьабулаго.

Районалда такъсирчилъиялда данде рагъ гьабулаго ва профилактикаялъул хIалтIаби тIоритIулаго, общественнияб низам ва общественнияб хIинкъи гьечIолъи букIинабизе кканани хIалтIи тIобитIизе ккола:

1. Районалъул гIуцIабазул ихтиярал цIунулел гIуцIабаздехун божилъи цIикIкIунеб къагIидаялда.

2. Кадраби щула гьари, хIалтIулеб низам цIуни, коллективалда закон ва низам щула гьаби, профессионалияб махщел борхизаби.

3. Нухазда хьвадиялъул низам щула гьабизе профилактикаялъул хIалтIуде цIикIкIун кIвар буссинабизе.

4. Экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIуде жеги цIикIкIараб кIвар буссинабизе, цIикIкIинабизе общественниял ва диниял идарабазда цадахъ гьабулеб профилактикаялъулал хIалтIаби.

5. Информациялъулгун телекоммуникациязул технологиязул кумекалдалъун гьарулел такъсиразде, наркоманияде, судалдаса рахчулел такъсирчагIи загьир гьариялде кIвар кьезе.

6. Коронавирусалъул ва цойгидал инфекциялъулал унтабаздаса цIуниялде данде гьарулел профилактикаялъулал хIалтIабазде кIвар цIикIкIинабизе. Общественнияб низам ва общественнияб хIинкъигьечIолъи цIикIкIинабизе гIемерал гIадамал данделъулел тадбирал тIоритIулаго.

Гьел руго районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазда цере чIарал гIемерал суалазул дагьаб къадар. Заманаялъ бихьизабулеб буго такъсирчилъиялде данде гIицIго районалъул жанисел ишазул отделалъул къуваталдалъун рагьулел ругони гьеб захIмат букIунеблъи. Гьединлъиялдал, хIажат буго киналго пачалихъалъулал, общественниял гIуцIаби ва пресса рекъон хIалтIизе. Гьелъ лъикIал хIасилал рихьизе гьаризе руго.

Районалъул депутатазул Собраниялда районалъул жанисел ишазул отделалъул бетIерасул ишал тIуралев М. Зубаировасул хIисаб кьеялъул докладалдасан къокъ гьабун.

*ДАССРалъ 100 сон тIубаялде*

# «КЪИСМАТАЛЪ МУГIРУЗДЕ БАКЪЛЪУН РЕЩТIАРАЛ»

**«Анкьго сон букIана, ракIалда буго**
**РикIкIада магIарухъ , гIазизаб росулъ,**
**Жийго эбел гIадай, мацI чияр гIадан**
**Чияр васасухъ, дихъ балагьарай куц.**

**...Дуца куркьбал гъурал цIалдохъабаца**
**ЦIар бугеб, лебалаб нух нахъа тана,**
**ЦIия-цIияб къокъа гIезабулаго**
**Дир гIагараб росулъ дур рас хъахIлъана».**
(Р.ХIамзатов)

Гьедин хъвана Дагъистаналде къисматалъ рачун рачIарал гIурус мугIалимзабазул хIакъалъулъ нилъер цIар ракIарав шагIир Расул ХIамзатовас.

ХIакъикъаталдаги къисматалъ гIадан вижараб, гIураб ватIаналдаса рикIкIаде гIемер рехула. Гьедин букIана хасго къоабилеб гIасруялъул тIоцебесеб бащалъиялда. ГIурус интеллигенциялъ кIудияб бакI ккола Дагъистаналъул адабият ва мадания цебетIезабиялъулъ. Дагъистаналъул мугIрузде ва магIарул росабалъе гIемерал рачIана рикIкIадаб Россиялъул шагьраздаса гIолохъанал, гьанжегьанже институтал лъугIарал мугIалимзабиги, гIуцIарухъабиги, батIи-батIияб хъулухъалъул гIадамалги.

Гьезул гIемерисезда гьанир ратана жидерго гIумруялъул гьудулзаби ва абадиялъго хъизаналги гIуцIун гьанир хутIана гьел. Хьаргаби росулъги гьединазул читIир гьитIинаб гьечIо, гIемерисел гьел руго мугIалимзаби. Нижер улбузулго рукIарал ва нижее дарсал кьурал мугIалимзаби ккола гIурус мацIалъул мугIалим ГIумарова Любовь Артёмовна, историялъул мугIалим ХIажимурадова Вера Александровна, байбихьул классазул мугIалим Мусаева Мария Ивановна, Иноземцева Вера Алексеевна, химиялъул мугIалим Валентина Савельевна, ингилис мацIалъул мугIалим Нина Павловна ва гIемерал цогидалги. Гьезул цоцоязул хIакъалъулъ бицине бокьун буго гьаниб. ГIумарова Любовь Артёмовна гьаюна II февралалда I929 соналъ Украиналда. Хьаргаби росулъе ячIиндал гьелъие букIана гIицIго 3 сон. Гьелъул эмен Калачов А.Г. вукIана ресалда вугев бечедав чи. Совет хIукуматалъ гьев кулак гьавун Дагъистаналде витIана . I0 соналдасан гьев ритIухъ гьавуна. Гьев жакъа къоялъги хьергебдерида кIочонаро, щай гурелъул гьесул кумекалдалъун росулъе бачана лъим, бана жакъа къоялъги хIалтIулеб бугеб райбольница. Микьабилеб классалде щвезегIан Любовь Артёмовна цIалана Гъуниб школа –интернаталда. I0 класс лъугIана Хьаргаби росулъ ва ана цIализе. Цин гьей цIалана педучилищеялда, хадуб лъугIана институт ва тIадюссун ячIун хIалтIана Хьаргаби гьоркьохъеб школалда гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалимлъун. Школалда гьей хIалтIана 50 соналъ ва 2002 соналдаса нахъе мустахIикъаб хIухьбахъиялда йиго. РекIелъ чIухIигун рехсола гьелъ жиндирго цIалдохъабазул цIарал. Гьел рахъана профессорзабилъун, медицинаялъул ва батIи- батIиял гIелмабазул докторзаби ва кандидаталлъун, тIадегIанал хъулухъазул нухмалъулеллъун. КигIан заман аниги цIалдохъабаздаги гьей кIочонаро, адабгун, хинал ракIабаздалъун гурони гьелъул хIакъалъулъ рагIи абуларо. Жиндирго гIумрудул нух гьелъ бухьана Хьаргаби росулъа ГIумаров МухIамадгун. Гьезул руго лъабго лъимал кIиго вас ва цо яс. Жиндирго ракIбацIцIадаб хIалтIухъ гьей мустахIикълъана батIи-батIиял шапакъатазе ва цIаразе: «Отличник просвещения ДАССР и РСФСР», орден «Знак Почёта», медаль «Ветеран труда» ва цогидалги.



ХIажимурадова Вера Александровна (Кудзоева) гьаюна Севербияб Осетиялда. I950 абилеб соналъ лъугIизабуна историкияб факультет СОГУ. Гьеб лъугIун хадуй направлениялда рекъон ячIана Дагъистаналде . Лъайкьеялъул министерствоялъ гьей йитIана Хьаргаби районалде. Гьелдаги жиндирго талихI батана гьаниб. ГIумрудул нух цолъизабуна Хьаргабиса ХIажимурад ГIалиевичасулгун. Гьев вукIана жигарав хIалтIухъан ва гIуцIарухъан, гIемерал соназ бетIерлъи гьабуна Хьаргаби совхозалъе. Гьезие гьаруна ункъго лъимал: кIиго вас, кIиго яс. Хьаргаби гьоркьохъеб школалда гьей хIалтIана I995 соналде щвезегIан. Гьелъ кьолаан историялъул ва географиялъул дарсал.

ЦIар-цIарккун рехсечIониги киналго гIурус мугIалимазул дарсалги, гьезул рекIелъе ортулел хинал рагIабиги, гIаданлъи лъималазулъ куцалеб тарбияги абадиялъго мисаллъун хутIана хьергебдерие. РакI-ракIалъулаб баркалаб буго гьезие. Гьезул насихIатал ва малъа-хъваял кIоченаро хьергебдерида.

**Хьаргаби гьоркьохъеб гIаммаб лъайкьеялъул №1 школалъул краеведазул къокъа.**

# СОВЕТИЯЛ АСКАРАЛ АФГЪАНИСТАНАЛДАСА КЪВАТIИРЕ РАЧАРАЛДАСА – 32 СОН

**1979 соналъул декабрь моцIалъул ахиралда Афгъаністаналъул нухмалъулезул гьариялда рекъон, интернационалияб кумек хIисабалда, нилъер хIукуматалъ хIукмо гьабуна цо къадар аскаралъул Афгъанисталде битIизе.**



Доб заманалда гьеб хIукмо мекъияб бугин, гьелъ нилъер халкъазе балагьги тIаде цIазе бугин, сахлъуларел ругъналги лъелин абун кIалъалел чиги дагьал рукIана, кIалъалезул каламги рагIизе течIо.

Гьелъул хIасилалда, КIудияб ВатIанияб рагъул ссудулел ругънал кIоченалде лъана хадусеб гIелалдаги рагъул кьогIлъиги, камиялги.

Хадусеб гIелалъги бихьизабуна бахIарчилъиги, гьунарги тIаде къо ккедал гьел захIмалъабаз къуркьизаричIо, умумузул бахIарчияб цIар борхатго ккуна.

Байбихьиялда гьедигIан захIмалъабиги ва камиялги кколин ракIалдацин букIинчIеб Афгъанистаналъул рагъ халатбахъана 9 сонгин цо моцI ва 18 къоялъ.

Гьеб рагъулъ Советияб пачалихъалъул рахъалдасан гIахьаллъи гьабуна гIага – шагарго 620 азарго чияс.

Рагъдаса нахъ вуссинчIо 15 азарго чи, Дагъистаналда гьеб рагъулъ гIахьаллъана 3 азарго чи.

Нилъер районалдаса гIолохъабазги гIахьаллъи гьабуна Афгъанистаназул рагъазда ва гIемерисел мустахIикълъана рагъулал орден – медалазе.

Нилъер гIолохъабаз тIаде ккараб къо бахIарчилъиялда борхана ва тIадаб налъи ракIбацIадго тIубазабуна.

Халкъалъги гьезул «Афгъанцал», - абун адаб, хIурмат гьабула.

Щинаб соналъ I5 февралалда кIодо гьабула Советиял аскарал Афгъанистаналдаса къватIире рачин, исана 15 февралалда 32 сон балеб буго гьеб лъугьа – бахъин ккаралдаса, гьебги гьоркьоб ккун бокьун буго киналго Афгъан рагъул гIахьалчагIазда баркизе ва баркала кьезе. Гьарула киназего нужее ва нужер хъизан – лъималазе щулияб сахлъи, талихIаб, баракатаб халатаб ракълилаб гIумро.

**Сураталда:**
Афгъанистаналдаса къватIире рачунел нилъер солдатал

**Б. АХIМАДОВ**

# ГРАФИК

**Проведения государственного технического осмотра тракторов, самоходных дорожно – строительных машин и прицепов к ним в Гергебильском районе РД на 2021 год.**

| № п/п | Наименование организации | ИНН организации | Количество единиц техники | Дата проведения | Место и время проведения | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | АО Гергебильский ДЭП №9 | 0508000385 | 8 | 05.04 | Гергебиль | |
| 2 | Агрофирма Дарада- Мурада | 0508005753 | 7 | 20.04 | Кизилюрт | |
| 3 | СПК «Труженник» | 0521014965 | 2 | 05.04 | Гергебиль | |
| 4 | ООО «Кавказтелеком» | 0725022361 | 5 | 06.04 | Гергебиль | |
| 5 | ПК «Мурад» | 0508010016 | 6 | 21.04 | Кизилюрт | |
| 6 | ПК Конзавод им.Н.Идриса | 0508009010 | 1 | 05.04 | Гергебиль | |
| 7 | Физические лица | | 13 | | Гергебиль | |

Итого_41_ единиц самоходных машин и прицепов к ним

1. При проведении технического осмотра предприятиях и организациях, также представляют технику на технический осмотр физические лица и крестьянские (фермерские) хозяйства и т.д. по их месту нахождения, а машин сезонного использования - перед началом каждого вида но не позднее чем за 15 дней до их начала (по согласованию с инспекцией гостехнадзора).

2.Техосмотр физическим лицам или иным собственникам будет производится вне графика инспектором ГТН в приемные дни по согласованию ( телефон для контакта 89882013178).

**М. ЭЛЬДАРОВ**
**Главный государственный**
**Инженер – инспектор инспекции**
**Гостехнадзора по Хунзахскому р-ну**

РОССИЙСКАЯ ФЕДЕРАЦИЯ
ФЕДЕРАЛЬНЫЙ ЗАКОН

**О присяжных заседателях федеральных судов общей юрисдикции в Российской Федерации**

*Принят*
*Государственной Думой 31 июля 2004 года*

*Одобрен*
*Советом федерации 8 августа 2004 года*

**Статья 5. Порядок и сроки составления списков кандидатов в присяжные заседатели**

10. Список и запасной список кандидатов в присяжные заседатели муниципального образования публикуются в средствах массовой информации муниципального образования и содержат только фамилии, имена и отчества кандидатов в присяжные заседатели.

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «СЕЛО АЙМАКИ»
ГЕРГЕБИЛЬСКОГО РАЙОНА РД
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ

*«3» февраля 2021г.* *с. Аймаки*

## Р Е Ш Е Н И Е №1/2-06 -2021

## О сельском бюджете на 2021год и плановый период 2022-2023годы

1. Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2021 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере **4994,0 тыс. рублей:**

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме **4994,0 тыс. рублей**, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме **4708,0 тыс. рублей** и налоговые поступления **286,0 тыч.рублей** согласно **приложению 1** к настоящему Решению;

2) общий объем расходов сельского бюджета в сумме **4994,0 тыс. рублей** согласно **приложению 2** к настоящему Решению.

2. Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2021 год согласно **приложению 2** к настоящему Решению.

**Врио главы МО «село Аймаки»**
**МАГОМЕДОВ М.А.**

**Председатель**
**Собрания депутатов СП «село Аймаки»**
**МУРТАЗАЕВ Р.А.**

*Приложение 1*
*к решению Собрания депутатов СП «село Аймаки»*
*№1/2-06-2021 от 03.02.2021г.*

### РАСПРЕДЕЛЕНИЕ
### доходов бюджета на 2020 год и плановый период 2021-2022 годы по кодам экономической классификации

| Код дохода | | | | Документ, учреждение | Сумма на 2021год | Сумма на 2022год | Сумма на 2023год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 000 | 1010201001 | 1000 | 110 | Налог на доходы физических лиц с доходов, источником которых является налоговый агент, за исключением доходов, в отношении которых исчисление и уплата налога осуществляются в соответствии со статьями 227, 2271 и 228 Налогового кодекса Российской Федерации | 109,0 | 109,0 | 109,0 |
| 000 | 1060103010 | 0000 | 110 | Налог на имущество физических лиц, взимаемый по ставкам, применяемым к объектам налогообложения, расположенным в границах сельских поселений | 107,0 | 107,0 | 107,0 |
| 000 | 1060604310 | 0000 | 110 | Земельный налог с физических лиц, обладающих земельным участком, расположенным в границах сельских поселений | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| 000 | 1050301001 | 0000 | 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 000 | 2021500110 | 0000 | 151 | Дотации бюджетам муниципальных поселений на выравнивание бюджетной обеспеченности | 3898,0 | 2950,0 | 2950,0 |
| 000 | 2021500110 | 0000 | 151 | Дотации бюджетам муниципальных поселений на частичную компенсацию расходов | 57,0 | 0,0 | 0,0 |
| 000 | 2023511810 | 0000 | 151 | Субвенции бюджетам муниципальных поселений на осуществление первичного воинского учета на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 236,0 | 237,0 | 246,0 |
| 000 | 2023002410 | 0000 | 151 | Субвенции бюджетам муниципальных поселений на выполнение передаваемых полномочий субъектов Российской Федерации | 517,0 | 0,0 | 0,0 |
| **ИТОГО** | | | | | **4994,0** | **3473,0** | **3473,0** |

*Приложение 2*
*к решению Собрания депутатов СП «село Аймаки»*
*№1/2-06-2021 от 03.02.2021г*

### РАСПРЕДЕЛЕНИЕ
### бюджетных ассигнований по разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов бюджета селения Аймаки по функциональной классификации на 2021 год

| Наименование показателя | Рз | ПР | ЦСР | ВР | сумма | Расходы, осуществляемые по вопросам местного значения | Расходы, осуществляемые за счет Субвенции местным бюджетам из бюджета субъекта РФ и фонда софинансирования |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 7 | 8 | 9 |
| **Всего:** | **00** | **00** | **0000000000** | **000** | **4994,0** | **4241,0** | **753,0** |
| **Общегосударственные вопросы** | **01** | **00** | **0000000000** | **000** | **2007,7** | **2007,7** | **0,0** |
| **Функционирование высшего должностного лица субъекта Российской Федерации и органа местного самоуправления** | **01** | **02** | **0000000000** | **000** | **483,7** | **483,7** | **0,0** |
| Высшее должностное лицо органа местного самоуправления | 01 | 02 | 999002001С | 100 | 483,7 | 483,7 | 0,0 |
| **Функционирование ПРД, высших органов исполнительной власти субъектов Российской Федерации, местных администраций** | **01** | **04** | **0000000000** | **000** | **1524,0** | **1524,0** | **0,0** |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 100 | 1095,0 | 1095.0 | 0,0 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 200 | 429,0 | 429,0 | 0,0 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 800 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| **Национальная оборона** | **02** | **00** | **0000000000** | **000** | **236,0** | **0,0** | **236,0** |
| **Мобилизационная и вневойсковая подготовка** | **02** | **03** | **0000000000** | **000** | **236,0** | **0,0** | **236,0** |
| Осуществление первичного воинского учета на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 02 | 03 | 9990051180 | 500 | 236,0 | | 236,0 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | **05** | **00** | **0000000000** | **000** | **1775,4** | **1258,4** | **517,0** |
| Водоснабжение | 05 | 02 | 9940023510 | 200 | 993,4 | 993,4 | 0 |
| **Коммунальное хозяйство** | **05** | **02** | **0000000000** | **000** | **133,0** | **133,0** | **0,0** |
| Содержание и техническое обслуживание сетей уличного освещения | 05 | 02 | 994002601Л | 200 | 133,0 | 133,0 | |
| **Благоустройство** | **05** | **03** | **0000000000** | **000** | **649,0** | **132,0** | **517,0** |
| Строительство внутрисельских дорог | 05 | 03 | 994002602Л | 200 | 342,6 | 75,6 | 267,0 |
| Мероприятия в рамках благоустройства городских и сельских поселений | 05 | 03 | 994002606Л | 200 | 306,4 | 56,4 | 250,0 |
| **Культура и кинематография** | **08** | **00** | **0000000000** | **000** | **709,4** | **709,4** | **0,0** |
| **Культура** | **08** | **01** | **0000000000** | **000** | **709,4** | **709,4** | **0,0** |
| Дворцы и дома культуры | 08 | 01 | 991002440Д | 100 | 709,4 | 709,4 | 0,0 |
| **Пенсионное обеспечение** | **10** | **01** | **0000000000** | **000** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| Доплаты к пенсиям государственных служащих субъектов РФ и муниципальных служащих | 10 | 01 | 9994910100 | 300 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| **Физическая культура и спорт** | **11** | **00** | **0000000000** | **000** | **265,5** | **265,5** | **0,0** |
| **Физическая культура** | **11** | **01** | **0000000000** | **000** | **265,5** | **265,5** | **0,0** |
| Мероприятия в области здравоохранения, спорта и физической культуры, туризма | 11 | 01 | 994002512Б | 200 | 265,5 | 265,5 | 0,0 |

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «СЕЛО АЙМАКИ»
ГЕРГЕБИЛЬСКОГО РАЙОНА РД
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ

*«3» февраля 2021г.* *с. Аймаки*

## Р Е Ш Е Н И Е №1/1-06 -2021

## ПРОЕКТ
## бюджета в 1 чтении на 2021 год и плановый период 2022-2023 годы

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2021 год, определенные

исходя из прогнозируемого объема в размере 4994,0 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 4994,0 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 4708,0 тыс. рублей согласно Приложению 1 к настоящему Решению;

2)общий объем расходов сельского бюджета в сумме 49940,0 тыс. рулей;

3) утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2021 год согласно Приложению 2 к настоящему Решению.

2. Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия.

3. Настоящее решение опубликовать официальном сайте администрации МО «село Аймаки» амоаймаки.рф и направить на опубликование в районную газету «ЦЕРЕХУН».

**Председатель Собрания**
**депутатов СП «село Аймаки»**
**МУРТАЗАЕВ Р.А.**

*Приложение 1*
*к решению Собрания депутатов*
*СП «село Аймаки»*
*№1/1-06-2021 от 03.02.2021г.*

### Распределение доходов бюджета на 2021 год по кодам экономической классификации

| Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|
| 000 1 00 00000 00 0000 000 | ДОХОДЫ | 286,0 |
| 182 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 109,0 |
| 000 1 06 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 107,0 |
| 000 1 06 06013 10 0000 110 | Земельный налог | 70,0 |
| 001 1 05 03010 01 3000 110 | ЕСХН | 0,0 |
| 000 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 4708,0 |
| 001 2 02 01001 10 0000 150 | Дотации бюджета | 3955,0 |
| 001 2 02 03024 10 0000 150 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 517,0 |
| 001 2 02 35118 10 0000 150 | ВУС | 236,0 |
| | | |
| | **ВСЕГО** | **4994,0** |

*Приложение 2*
*к решению Собрания депутатов*
*СП «село Аймаки»*
*№1/1-06-2021 от 03.02.2021г.*

### Распределение бюджетных ассигнований на 2021 год

| Наименование | Функциональная классификация Расходов бюджета РФ | | | | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|---|---|
| | РЗ | Пр | Ц.ст. | Вр | |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 470,0 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 1666,0 |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 236,0 |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | 9940023510 | 244 | 921,0 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | 133,0 |
| Содержание автодорог | 05 | 03 | 994002602Л | 244 | 458,8 |
| Прочие мероприятия по благоустройству | 05 | 03 | 994002606Л | 244 | 509,2 |
| Организация и проведение спортивно- массовых мероприятий | 11 | 01 | 994002512Б | 244 | 100,0 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 500,0 |
| **ИТОГО:** | | | | | **4994,0** |

**Глава МО « село Аймаки»** **/МАГОМЕДОВ Р. М./**

### Лъазаби

2012 соналда Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалъул 9 класс лъугIун ГъазимухIамадова Мадина АхIмадовналъе кьураб №05 БД 0095134 аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 11 февраля 2021 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00